

Jere chanjman klima a oswa sibi pil konsekans li lakoz yo ?

Bénédiq Paul

Latriye ralemennenkase ak dozado sou chanjman klima gen dizèn sou dizèn ane depi yo ap fèt nan mitan kominote syantifik menmjan ak milye jeyopolitik. Kit se pou prensip prekosyon, kit se pou avantaj tout plimay, yo pa rive abouti sou pyès konklizyon, yonn ta ka dakò ak lòt sou yo. Pa sitèlman gen lontan depi rale sa yo tanmen vin chita sou konsekans chanjman klima, epitou sou estrateji pou konbat chanjman kòmka pou diminye konsekans. Apasa, nou mèt di se kèk rekalsitran ak moun tèt di ki kontinye montre doutans yo ak pozisyon rèsd yo sou ekzistans kozman chanjman klima sa a. Se nan tout kalite sektè aktivite, moun pran zafè pètibasyon nan klima oserye, soti nan agrikilti, sige nan endistri, ale sou transpò jouk rive sou planifikasyon. Menmsi evolasyon lemond konn lakòz dega sa yo nòmalmman, sanble aktivite noumenm moun sou latè vin akselere yo pi plis toujou, jouk dwèt menm rive lonje sou espès enjistis jenerasyon alèkile ap tabli kite pou jenerasyon ki ap vini. Dizondi, popilasyon ki patisipe nan deranje mouvman siklik klima yo, se pa yomenm ki sibi menm konsekans yo. Ki pi rèsd, pil moun ki ap fè aktivite ki lakòz chanjman klima yo ap akselere konsa yo, yo rive fè anpil pwofi ki pèmèt yo boule ak konsekans yo pi byen pase moun ki sibi menm konsekans sa yo. Egal, jan konsekans chanjman klima yo pwopaje toupatou jeyografikman vin lakòz foulitid dega endirèkteman-dirèk sou moun ki abite menm lwen lwen zòn kote aktivite k ap pètibe klima yo ap fèt yo. Kidonk, koze sa a se yon koze ki dwe regle enstitisyonèlman enstitisyonèl.

Toutbonvre, se sou baz refleksyon ekonomi tradisyonèl ki sèlman jere konsekans minim sou klima a règleman ki te tabli ak enstitisyon ki te kreye yo te fèt. Rezilta a vin bay yon kalte mache kote polisyon an alafwa anba ponyèt ak dominasyon fèzèpòlisyon ak peyèpòlisyon (moun ki ap fè polisyon an ap peye pou polisyon an limenm tou). Pifò aktivite ki te ap simen polisyon yo te konn opere anndan yon mache akote soulèzèl. Menmjan mache ki te pèmèt anvayisman polisyon an vin echwe a, mache fòmèl la vin tonbe menmjan tou.

Tout enstitisyon nan sektè prive a ki te tabli pou regle jesyon aktivite ki pa respekte klima ak anviwònman an te prèske nil oswa san fòs poutèt dimansyon makwo-ekonomik koze a. Anpil peyi pa te suiv bonkou rekòmmandasyon yo te jwenn nan men ekspè nan domèn nan ki konn soti nan plizyè gouvènman, espesyalman nan GIEC (Groupe d'experts intergouvernemental sur l'évolution du climat). Tankou Elinor Ostrom fè soti nan rechèch li te prezante devan manm komite pri Nobèl yo, nan nivo mikwoekonomi règleman yo te bay pi gwo ranman lontan lontan. Se vre tou, dimansyon mikwoekonomik sa a te lokalize nan kèk sektè, kidonk yo te genyen anpil limit.

Chak grennmoun, kit se aktè, kit se viktim, nou tout ki anba konsekans chanjman klima dwe pote kole nan mobilizasyon an ansanm, yon fason pou nou ka limite tout aksyon ki lakòz chanjman klima ap akselere, epitou pou nou ka bare wout konsekans nou gentan ap viv akòz chanjman klima jounen jodi a menm. Li pa fasil pou moun ki ap viv nan peyi soudevelope rive lite kont rechofman klima. Tout aksyon moun sa yo ap fè yo se pou redui efè negatif chanjman klimatik la. Atoutsa, menmsi peyi sa yo ki pa genyen aktivite ki akselere rechofman klima, chak sektè dwe mete men alapat pou li diminye bann konsekans dezaz sa yo. Nou ka derape nan agrikilti, sitou nan sistèm elvaj zannimo, se yonn nan premye jefò ki ka fèt. Atout agrikilti, depi nan derapman li, se te aktivite ki konn redui espasforè, rechèch alèkile yo demontre tou, menm agrikilti sa a kapab ede pran swen, domestike epi pwodui yon kalte espès pyebwa ak plant anndan yon sistèm gadinaj forè balanse. Atò, forè yo enpòtan si pou nou rive touche pwent tèt bivize GIEC te lonje dwèt sou yo yo : kenbe nivo rechofman mondyal la anba 2 degre *Celsius* (Sèlsiyis) (2 °C), pandan nou ap rapousuiv aksyon ak aktivite ki p ap depase, oswa monte pi wo pase, tanperati 1, 5 degre *Celsius* (Sèlsiyis)(1, 5 °C). ■